

Tretman COVID-19 pou pasyan ekstèn

Antikò monoklonal (yo bay nan venn) ak tretman antiviral ka diminye risk pou COVID-19 grav nan moun ki gen gwo risk. Tretman sa yo disponib nan sit tretman Mass General Brigham ak [Depatman Sante Piblik Massachusetts](#).

Tanpri pa ale nan yon sant swen ijan oswa sal dijans pou jwenn nenpòt nan tretman sa yo; yo pa disponib nan kote sa yo. Gen klinik espesifik ki fèt pou bay tretman sa a. Tanpri kontakte founisè swen prensipal ou oswa espesyalis (pa egzanp, onkològ, rimatològ) pou referans pou antikò monoklonal si ou kalifye.

Antikò monoklonal (mAb) – Sotrovimab

Administrasyon Federal Medikaman (FDA) te bay yon Otorizasyon Itilizasyon Ijans (EUA) pou plizyè antikò monoklonal eksperyantal. Antikò sa yo ka ede sistèm iminitè a konbat viris la. [Gid NIH pou Tretman COVID-19](#) bay enfòmasyon sou medikaman sa yo.

Ki sa ki sotrovimab?

Sotrovimab se sèl antikò monoklonal efikas kont varyant omikwon COVID-19 la. Yo itilize li pou pasyan [ki gen COVID-19 ak sentòm](#). Sotrovimab pa disponib pou pasyan ki te ekspozè a COVID-19, men ki pa trape viris la.

Ki jan yo bay sotrovimab?

Yo bay sotrovimab pa sewòm nan venn (pa yon grenn).

Ki lè yo ta dwe bay sotrovimab?

Tretman antikò monoklonal travay pi byen lè yo bay nan premye jou yo apre [sentòm yo](#) fenk kòmanse. Si sentòm ou yo deja amelyore, tretman pa nesesè.

Èske mwen ka resevwa tretman antikò monoklonal si mwen te pran vaksen epi apre mwen vin pran COVID-19?

Ou ka resevwa tretman antikò monoklonal si ou te deja pran vaksen COVID-19. Ou dwe satisfè kritè kalifikasyon yo.

Si mwen poko pran vaksen an, èske mwen ka resevwa tretman antikò monoklonal?

Ou ka resevwa terapi sa a si ou poko pran vaksen an. Ou dwe satisfè kritè kalifikasyon yo. Remake, sepandan, apre w fin refè de COVID-19, si w resevwa terapi antikò monoklonal, ou pa ta dwe pran vaksen pou 90 jou apre w fin resevwa tretman an.

Ki efikasite tretman antikò monoklonal?

Yo montre terapi antikò monoklonal diminye risk entènè lopital nan pasyan ki gen gwo risk pou COVID-19 grav lè yo bay li byen bonè nan enfeksyon COVID-19 ki bay sentòm. Esè yo te montre yon rediksyon nan risk pou entènè lopital ki rive jiska 70-90% ak tretman sa a konpare ak san okenn tretman.

Kiyès ki kalifye pou resevwa tretman sa a?

Tretman Sotrovimab disponib pou pasyan ki gen laj 12 an oswa plis ak:

- Gen COVID-19 konfime **pa swa tès antijèn oswa PCR AK**
- Gen sentòm COVID-19 AK
- Nan lespas 10 jou apre sentòm yo kòmanse AK
- Gen yon [kondisyon](#) sante ki fè yo gen plis chans pou yo fè eksperyans COVID-19 enfeksyon.

Kouman pou mwen jwenn terapi sa a si mwen gen COVID-19?

Tretman sa yo disponib nan Mass General Brigham ak nan sit tretman Depatman Sante Piblik Massachusetts. Tou de kote yo se opsyon ekselan pou tretman. Si w panse ou ka elijib pou tretman, tanpri kontakte founisè swen prensipal ou oswa espesyalis w pou yon referans.

Pa ale nan yon sant swen ijan oswa sal dijans pou jwenn nenpòt nan terapi sa yo. Yo pa disponib nan kote sa yo. Gen klinik espesifik ki fèt pou bay terapi sa a.

Yo te refere m pou terapi sa a, kisa k ap pase apre?

Si w kapab jwenn terapi sa a, n ap kontakte w ak enfòmasyon ak enstriksyon yo. Pou pasyan ki enskri nan Patient Gateway a, n ap voye yon mesaj nan Patient Gateway an si nou detèmine ke nou pa ka ofri tretman. Si w pa anrejistre ak Patient Gateway, ou ka enskri [isit la](#). Si founisè w la te refere w nan sit tretman Depatman Sante Piblik yo, w ap resevwa yon apèl si y ap ka resevwa w. Kounye a yo pa kontakte pasyan yo oswa Mass General Brigham si yo pa ka trete w.

Tretman antiviral oral pou COVID-19 – Paxlovid ak molnupiravir

Yo pran tretman antiviral oral nan bouch pou trete sentòm COVID-19 ki toupiti rive modere. Administrasyon Manje ak Medikaman (FDA) te bay otorizasyon pou itilizasyon ijans (EUAs) pou [Paxlovid Pfizer](#) a (grenn nirmatrelvir ak grenn ritonavir) ak [molnupiravir Merck](#) la. Tou de medikaman sa yo ralanti kapasite COVID-19 pou l miltiplye.

Ki lè yo itilize Paxlovid ak molnupiravir?

Yo itilize yo pou pasyan ki gen sentòm COVID-19. Li pa disponib pou pasyan ki te ekspoze a COVID-19, men ki pa trape viris la.

Ki jan yo bay yo?

Tou de Paxlovid ak molnupiravir se grenn oral. Yo disponib sou preskripsyon sèlman.

Ki lè yo ta dwe bay yo?

Paxlovid ak molnupiravir dwe bay nan lespas 5 jou apre sentòm yo kòmanse.

Èske mwen ka pran Paxlovid oswa molnupiravir si mwen te pran vaksen epi apre mwen vin trape COVID-19?

Wi. Tretman antiviral oral yo disponib pou pasyan ki pran vaksen epi ki poko pran vaksen an.

Si mwen poko vaksinen, èske mwen ka resevwa tretman sa yo?

Wi, tretman antiviral ka ede w tou.



Ki efikasite tretman antiviral oral sa yo?

Nan esè klinik, Paxlovid redwi chans pou yon moun bezwen entèn lopital pa apeprè 90%. Molnupiravir te gen mwens enpak men li toujou redwi risk pa apeprè 30%. Tou de medikaman yo sanble yo sove lavi.

Kiyès ki kalifye pou Paxlovid?

Tretman Paxlovid disponib pou pasyan ki gen 12 an oswa plis ki:

- Peze omwen 40 kilogram (yon ti kras plis pase 88 liv) AK
- Gen COVID-19 konfime **pa swa tès antijèn oswa PCR** AK
- Gen sentòm COVID-19 AK
- Gen yon [kondisyon](#) sante ki fè yo gen plis chans pou yo gen yon enfeksyon grav COVID-19.

Kiyès ki kalifye pou molnupiravir?

Tretman Molnupiravir disponib pou pasyan ki gen laj 18 an oswa plis ki:

- Gen COVID-19 konfime **pa swa tès antijèn oswa PCR** AK
- Gen sentòm COVID-19 AK
- Nan lespas 5 jou apre sentòm yo kòmanse AK
- Gen yon [kondisyon](#) sante ki fè yo gen plis chans pou yo gen yon enfeksyon grav COVID-19.
- Tanpri sonje ke nou pral ofri Molnupiravir sèlman pou pasyan ki gen 55 an oswa plis.

Kouman mwen ka jwenn tretman sa yo si mwen gen COVID-19?

Si w panse ou ta ka elijib pou tretman, tanpri kontakte founisè swen prensipal ou oswa espesyalis ou. Yo ka refere w pou tretman.

Remdesivir

Ki sa ki Remdesivir?

Remdesivir se yon medikaman FDA apwouve ki entèfere ak fason viris COVID-19 la repwodui. Li ka ede moun ki gen COVID-19 refè pi vit epi redwi risk pou yo devlope COVID-19 grav. Li kapab tou itilize pou trete pasyan ki entèn lopital, men isit la nou konsantre sou itilizasyon li pou evite moun entèn lopital. [Gid Tretman NIH COVID-19](#) yo bay enfòmasyon sou medikaman sa a.

Ki jan yo bay Remdesivir?

Yo bay Remdesivir pa twa enjeksyon nan venn (IV) chak jou. Se pa yon grenn.

Ki lè yo ta dwe administre Remdesivir?

Remdesivir pi efikas lè yo bay li bonè, omwen nan sèt premye jou [sentòm](#) yo. Si kondisyon ou deja amelyore, tretman pa nesesè.

Èske mwen ka resevwa tretman Remdesivir si mwen te pran vaksen epi apre mwen vin pran COVID-19?

Ou ka resevwa Remdesivir si ou te pran vaksen kont COVID-19. Ou dwe satisfè kritè kalifikasyon yo.

Si mwen pa te pran vaksen an, èske mwen ka resevwa tretman ak Remdesivir?

Ou ka resevwa Remdesivir si ou pa te pran vaksen an. Ou dwe gen kritè kalifikasyon yo.

Ki efikasite tretman Remdesivir lan?

Yo montre ke Remdesivir diminye risk pou moun entèn lopital pa 82% epi ede moun yo refè pi vit.



Ki moun ki ka benefisye de tretman sa a?

Remdesivir disponib pou pasyan ki gen laj 12 an oswa pi gran ki:

- Peze omwen 40 kg AK
- Gen enfeksyon COVID-19 konfime pa yon tèst antijèn oswa PCR AK
- Gen sentòm COVID-19 AK
- Nan lespas 7 jou apre sentòm yo kòmanse AK
- Gen yon [kondisyon](#) sante ki fè yo gen plis chans pou yo gen yon ka COVID-19 grav.

Kijan mwen ka jwenn tretman sa a si mwen gen COVID-19?

Si ou panse ou ka elijib, tanpri kontakte founisè swen prensipal ou oswa espesyalis la. Yo ka refere w pou al fè tretman an. **Tanpri sonje ke akòz rezèv limite, se pa tout pasyan ki refere yo pral kapab resevwa tretman an.**

Pa ale nan yon sant swen ijans oswa sal dijans pou jwenn nenpòt nan tretman sa yo. Yo pa disponib nan kote sa yo. Gen klinik espesifik ki fèt pou bay tretman sa a.

Yo te refere m nan tretman sa a, kisa k ap pase apre?

Nou gen kantite limite nan Remdesivir. Si ou ka benefisye de tretman sa a, nou pral kontakte ou ak enfòmasyon ak enstriksyon. Pou pasyan ki sou Patient Gateway, n ap voye yon mesaj Patient Gateway si nou detèmine ke nou pa ka bay tretman.

Evusheld

Ki sa ki Evusheld?

Tixagevimab/Cilgavimab (Evusheld) se yon konbinyasyon antikò yo itilize pou anpeche COVID-19 nan moun ki pa kapab byen pwoteje pa vaksinyasyon an. Administrasyon Federal Medikaman (FDA) te bay yon otorizasyon itilizasyon ijans (EUA) pou Evusheld. Medikaman sa a gen antikò monoklonal ki ka ede sistèm iminitè (sistèm kò ki pwotekte kont enfeksyon) reyaji pou konbat viris la. Yo itilize li pou diminye risk enfeksyon COVID-19 nan pasyan ki gen [sistèm iminitè frajil](#). Li pa ranplase vaksen an. Li pa itilize tou pou trete enfeksyon COVID-19. [Gid Tretman COVID-19 NIH yo](#) bay enfòmasyon sou medikaman sa a.

Ki jan yo bay Evusheld?

Yo bay Evusheld kòm yon piki. Se pa yon grenn.

Ki moun ki ka benefisye de tretman sa a? Evusheld disponib pou pasyan ki gen laj 12 an oswa plis ki:

- Peze omwen 40 kg (enpe plis pase 88 liv) AK
- Pa gen yon enfeksyon COVID-19 aktif oswa ki fenk ekspoze AK
- Ki ajou ak vaksen COVID-19 yo (sòf si gen yon rezon medikal kont vaksen, tankou alèji grav) AK
- Gen yon [sistèm iminitè febli](#) epi kidonk li ka gen yon repons iminitè ki pa ase lè li vaksinen kont COVID-19.

Èske mwen ka resevwa Evusheld si mwen te pran vaksen an?

Wi. Ou dwe pran vaksen konplè anvan ou resevwa Evusheld. Sonje byen ke Evusheld ta dwe bay omwen 2 semèn apre vaksinyasyon an.



Èske mwen ka resevwa Evusheld si mwen pa te pran vaksen an?

Non. Evusheld pa ranplase vaksen kont COVID-19. Li p ap itilize nan moun ki pa vaksinen ki sipoze kapab gen bon jan repons iminitè ki ase lè yo pran vaksen an. Sèl eksepsyon se si gen yon rezon medikal ki fè moun nan pa ka pran vaksen an (pa egzanp: istwa yon reyaksyon alèjik grav ak vaksen COVID-19 la).

Èske Evusheld efikas?

Yo pa vrèman konnen a ki degre Evusheld efikas nan moun ki gen [sistèm iminitè frajil](#). Yon etid sou moun ki gen sistèm iminitè nòmal te montre Evusheld diminye risk pou enfeksyon pa 77% nan. Sepandan, pwoteksyon nan moun ki gen sistèm iminitè febli gen dwa mwens.

Kouman mwen ka jwenn Tretman Evusheld?

Si w panse ou ka elijib, tanpri kontakte founisè swen prensipal ou oswa yon espesyalis. Yo ka rekòmande ou resevwa Evusheld.

Tanpri sonje ke Evusheld pa sèvi pou tretman COVID-19. Yo itilize li pou diminye risk enfeksyon COVID-19 nan pasyan ki gen [sistèm iminitè febli](#).

Pa ale nan yon sant swen ijan oswa sal dijans pou jwenn tretman Evusheld; li pa disponib nan kote sa yo. Gen klinik espesifik ki fèt pou bay tretman sa a.

Yo te refere m pou tretman sa a, kisa k ap pase kounye a?

Nou pa gen anpil kantite Evusheld disponib. Si w ka benefisye de terapi sa a, n ap kontakte w pou ba w enfòmasyon ak enstriksyon yo. Pou pasyan ki sou Patient Gateway, n ap voye yon mesaj Patient Gateway si nou detèmine ke nou pa ka bay tretman.

Kiyès ki kalifye pou tretman sa yo?

Pou resevwa tretman pou pasyan ekstèn pou COVID-19, ou dwe gen COVID-19 konfime pa swa tès antijèn oswa PCR. Ou dwe genyen tou yon [kondisyon](#) sante ki fè w gen plis chans pou w fè eksperyans yon enfeksyon COVID-19 grav.

Kondisyon ki gen gwo risk pou COVID-19 grav gen ladan yo: sibi tretman pou kansè, ap pran medikaman pou transplantasyon, oswa medikaman iminosipresan pou lòt kondisyon aktyèlman. Lòt kondisyon ki gen gwo risk, tankou maladi kwonik nan poumon, ren oswa fwa; dyabèt; VIH; obezite; ak laj 65 an oswa plis, ka fè yon moun gen tandans pou gen pi mal sentòm COVID-19 oswa grip la. [Aprann plis sou kondisyon sante ki mete moun nan risk nan CDC la.](#)

Mizajou: 10 mas 2022

